



# Èske w Pral **REPREZANTE** **KOMINOTE** w Pandan Sezon Fèt Sa a?

Se kominote nou ki souffri lè Walmart pa gen ase travayè ak lè travayè yo pa touche ase. Otan 825,000 travayè Walmart ap touche mwens pase \$25,000 chak ane akòz salè ba ke Walmart ap peye ak èdtan travay ensifizan. Sèl chwa anpil travayè sa yo pa gen se pou depann sou asistans piblik pou peye bòdwo yo. Travayè yo ap kòmanse pale sou sa a, ap mande Walmart pou angaje piblikman pou founi plis èdtan travay, pi bon salè ak respè nan kote travay la. Olye de fè chanjman, Walmart revoke oswa menase moun yo ki gen ase kouraj pou mande konpayi a pou chanje.

**DI MANADJÈ A NAN MAGAZEN WALMART LOKAL  
OU KE W SIPÒTE TRAVAYÈ WALMART!**

**“Mwen se yon papa ki gen twa pitit. Avèk èdtan travay ensifizan ak salè ba ke mwen touche nan men Walmart, ane sa a, mwen pral touche apeprè \$12,000. Mwen pa bezwen televizyon kab oswa pou pwopriyete yon kay, men mwen pa oblije depann sou kupon pou achte manje oswa fè donasyon san jis pou bay pitit mwen manje lè mwen gen yon travay deja.”**

**—ANTHONY GOYTIA** Manm Walmart NOU



Ale nan sit entènèt [blackfridayprotests.org](http://blackfridayprotests.org) pou jwenn enfòmasyon sou kouman ou kapab sipòte travayè Walmart nan zòn lokal ou

**MAKING  
CHANGE AT  
WALMART**

**OURWalmart**   
Organization United for Respect at Walmart

**LIMIT SOU RESPONSABLITE LEGAL:** UFCW ak Walmart PA NOU gen objektif pou ede travayè Walmart kòm endividyèl oswa gwoup nan zafè yo avèk Walmart konsènan dwa ak estanda travay ak efò yo pou fè Walmart angaje piblikman pou konfòme avèk dwa ak estanda travay. UFCW ak Walmart PA NOU pa gen entansyon pou fè Walmart rekonèt oswa kompromèt avèk UFCW ak Walmart PA NOU kòm reprezantan travayè Walmart.